

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan maké pamarékan kuantitatif sarta métodena maké kuasi ékspérimén. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan téh *one group pretest-posttest design* (Arikunto, 2014).

Dumasar desain anu baris dipaké panalungtikan téh *one group pretest-posttest design* nurutkeun Arikunto (2014) ngébréhkeun yén dina desain ieu dilakukeun dua kali tés dina saméméh jeung sanggeus. Panalungtikan téh dimimitian ku cara (*pretest*) saméméh ngagunakeun modél pangajaran *scramble*, tuluy méré perlakuan (*treatment*) ka siswa ngagunakeun modél pangajaran *scramble*, dipungkas ku ngalaksanakeun (*post-test*) pikeun mikanyaho hasil ahirna. Sanggeus menangkeun data, éta data hasil (*pretest*) jeung hasil (*post-test*) téh satuluyna dibandingkeun.

Anapon desain anu baris dipaké panalungtikan nyoko kana pamadegan Arikunto (2014) dilakukeun dua kali tés, dijéntrékeun kayaning ieu dihandap.



(Arikunto, 2014)

Keterangan:

O_1 = *pretest* kamampuh ngaregepkeun dongéng saméméh ngagunakeun modél *scramble*

X = perlakuan dina ngagunakeun modél *scramble*

O_2 = *posttest* kamampuh ngaregepkeun dongéng sanggeus ngagunakeun modél *scramble*

3.2 Sumber Data

Panalungtikan dilaksanakeun di MA Al-Maa'uun Cianjur. Dina meunangkeun data diperlukeun ayana subjék atawa sumber data nyoko kana pamadegan (Arikunto 2014, kc.172). Siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajaran 2023/2024 salaku sumber data, sedengkeun hasil kamampuh ngaregepkeun dongéng kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus maké modél pangajaran *scramble* salaku data dina panalungtikan.

Anapon, dasar dina milih siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajar 2023/2024 nya éta pikeun mikanyaho pangaruh pangajaran modél *scramble* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng pikeun siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun. Dina ngalaksanakeun *pra survey*, panalungtik manggih masalah pikeun ditalungtik. Kamampuh siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng masih kurang, sabab kurangna kréatifitas dina pangajaran basa Sunda. Antukna siswa ngarasa kurang motivasi dina diajar. Ku kituna, diayakeun panalungtikan maké modél pangajaran, salasihijina maké modél pangajaran *scramble* pikeun ngirut siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng sarta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

Jumlah siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajar 2023/2024 aya 25 urang, nya éta 17 siswa awéwé sarta 8 siswa lalaki dijéntrékeun kayaning ieu di handap.

Tabél 3.1
Jumlah siswa Kelas X-1 MA Al-Maa'uun Taun Ajar 2023/2024

Wanda Baga	Jumlah Siswa
Awéwé	17 siswa
Lalaki	8 siswa
Siswa kelas X-1 aya 25	


3.3 Prosedur Panalungtikan

Panalungtikan dimimitian ku nempo masalah anu karandapan di sakola nyaéta masalah dina pangajaran ngaregepkeun dongéng basa Sunda. Sanggeus kitu, ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan nu karandapan, dina wangun sababaraha patalékan jeung nangtukeun métode panalungtikan. Tuluy, nangtukeun raraga tiori pikeun ngarojong ieu panalungtikan jeung ngarumuskeun hipotésis pikeun dadasar jawaban dina panalungtikan. Anu satuluyna, ngarumuskeun intrumén panalungtikan.

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng jeung ningkatkeun minat siswa, dilarapkeun modél pangajaran nya éta modél pangajaran *scramble*. Hal anu bakal dilaksanakeun nyaéta ngayakeun tés *pretest* pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh maké modél *scramble*, tuluy dibéré *treatment* maké

modél pangajaran *scramble*. Léngkah anu satuluyna, ngalaksanakeun *posttest* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus maké modél pangajaran *scramble*. Sanggeus meunangkeun data *pretest* jeung *posttest*, tuluy data diolah jeung dianalisis maké rumus-rumus anu ngagunakeun *SPSS versi 29*, anu bakal ngahasilkeun kacindekkan tina panalungtikan.

Aya sababaraha léngkah dina prosedur panalungtikan, bisa ditilik dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés. Dina eusi tés téh ngawengku soal-soal atawa pasualan anu kudu dijawab ku unggal individu anu diuji (Kuswari, 2010). Tés salaku altérnatif dina ngumpulkeun data, hususna pikeun nguji kamampuh siswa dina diajar. Aya dua tahap dina ngalaksanakeun tés kamampuh ngaregepkeun dongéng, tés awal (*pretest*) pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa saméméh maké modél *scramble*, tuluy tés ahir (*posttest*) dilakukeun sanggeus perlakuan (*treatmeant*) maké modél *scramble*, ieu pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa sanggeus maké modél *scramble*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nyoko kana pamadegan Djaali (2009) mangrupa alat ngukur obyék atawa ngumpulkeun data ngeunaan variabel. Dina meunangkeun data nurutkeun Arikunto (2014, kc.193) instrumén digolongkeun jadi dua, aya sacara tés jeung sacara *non*-tés. Tina prak-prakanna anu dipaké nya éta sacara tés, mimiti dilaksanakeun heula tés awal (*pretest*) tuluy dilaksanakeun tés ahir (*posttest*) pikeun siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun.

Ditilik tina unsur intrinsik dongéng, jadi indikator anu dipaké pikeun meunteun tés anu bakal dilaksanakeun ku siswa. Saméméh ngajieun soal pikeun siswa, kudu ngararancang heula kisi-kisi luyu kana matéri anu ditepikeun.

Tabél 3.2
Kisi-kisi Matéri Dongéng

Materi	Indikator anu dipeunteun	Indikator Soal	No Soal	Level Kognitif	Bentuk Soal
Dongéng	Unsur Intrinsik	a. Nganalisis téma	1	C ₄	PG
		b. Nganalisis palaku	2	C ₄	PG
		c. Nganalisis watek	3,4	C ₄	PG
		d. Nganalisis galur	5	C ₄	PG
		e. Nganalisis latar (<i>tempat, waktu dan suasana</i>)	6,7,8,9	C ₄	PG
		f. Nganalisis amanat	10	C ₄	PG

(Febriana, 2019)

Asesmen sumatif anu dilarapkeun dina ieu panalungtikan ku cara dilaksanakeun *pre-test* salaku kamampuh awal jeung *posttest* salaku kamampuh ahir, sanggeus *treatment* dilaksanakeun sarta pilihan ganda salaku wangun soal anu dipaké dina nalungtik kamampuh siswa. Dina ieu panalungtikan, miboga soal anu sarua antara soal *pretest* jeung soal *posttest* kayaning ieu di handap.

Tabél 3.3
Soal *Pretest* jeung *Posttest*

Soal <i>Pretest</i> jeung <i>Posttest</i>
Wasta :

<p>Kelas :</p> <p>Pék regepkeung dongéng “Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyet Maling Cabe” dina link https://youtu.be/KVXDZqGFoCg?si=df59cjVE8O145lw9 Tuluy jawab patalékan ieu di handap.</p>
<ol style="list-style-type: none"> 1. Naon téma dongéng “Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyet Maling Cabe” nya éta? <ol style="list-style-type: none"> a. Kasarakahan monyet b. Kasarakahan jeung kasombongan c. Kasombongan monyet d. Kasarakahan kuya 2. Saha waé palaku anu dicaritakeun dina éta dongéng? <ol style="list-style-type: none"> a. Anak bapa tani, sakadang kuya jeung sakadang monyet b. Sakadang kuya, sakadang monyet, patani jeung anak bapa tani c. Sakadang kuya jeung sakadang monyet d. Sakadang kuya, sakadang monyet jeung patani 3. Kumaha ari watek Sakadang Monyet téh? <ol style="list-style-type: none"> a. sombong b. singer c. sarakah d. pinter jeung bageur 4. Ari Sakadang Kuya téh kumaha watekna? <ol style="list-style-type: none"> a. sombong b. singer c. sarakah d. bageur 5. Kumaha éta galur dongéng téh? <ol style="list-style-type: none"> a. mérélé b. mundur c. mérélé jeung mundur d. campuran 6. Dimana témpat dicaritakeun éta dongéng? <ol style="list-style-type: none"> a. Imah patani, kebon jeung gunung b. Leuwi jeung kebon c. Leuweung, leuwi jeung imah patani d. Kebon, imah patani jeung leuwi 7. “Ah, keur kieu we, keur moyan.” Nilik éta sempalan dongéng, waktu nu dituduhkeun nya éta? <ol style="list-style-type: none"> a. isuk-isuk b. beurang c. soré d. peuting 8. “Sakadang Monyet dagoan!” Ngagorowok ménta tulung. Nilik pok-pokanana, katémbong yén sakadang Kuya aya dina kaayaan? <ol style="list-style-type: none"> a. bungah b. pikawatireun c. sieun d. ambek 9. Iraha Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyet tukeur tempat dina kurung hayam?

- | |
|---|
| <ul style="list-style-type: none"> a. isuk-isuk b. beurang c. soré d. peuting <p>10. Naon amanah éta dongéng téh?</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Ulah sok ngaganggu kahirupan batur b. Ulah sok mamawa barang batur c. Ulah cukat-cokot barang batur d. Ulah sok adigung jadi jelema |
|---|

Soal *pretest* jeung *posttest* di luhur, mangrupa wangun tés objéktif nu miboga ciri *dikhotomis*, nyaéta ngan ukur aya dua jawaban bener jeung jawaban salah. Wangun tés objéktif jawaban bener dibéré skor 1, ari jawaban salah dibéré skor 0 (Kuswari, 2010). Hal ieu ngan saukur bisa dipaké ku wangun tés objéktif salasahijina nyaéta soal PG (pilihan ganda). Katitén, tabél rubrik paniléyan tés dijéntrékeun di handap.

Tabél 3.4
Rubrik Meunteun

No	Indikator anu diniléy	Skor	Skor Maksimal	Kritéria
1.	Nganalisis téma	0-1	1	0= Jawaban salah 1= Jawaban bener
2.	Nganalisis palaku	0-1	1	0= Jawaban salah 1= Jawaban bener
3.	Nganalisis watek	0-2	2	0= Jawaban salah 1= Jawaban bener
4.	Nganalisis galur	0-1	1	0= Jawaban salah 1= Jawaban bener
5.	Nganalisis latar	0-4	4	0= Jawaban salah 1= Jawaban bener
6.	Nganalisis amanah	0-1	1	0= Jawaban salah 1= Jawaban bener

(Nurgiyantoro, 2001)

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Analisis data nurutkeun Arikunto (2014, kc.278) mangrupa kagiatan anu dilakukeun ku panalungtik sanggeus kabéh data kakumpul. Dina panalungtikan,

nganalisis data digunakeun pikeun meunangkeun jawaban dina pasualan panalungtikan. Salaku data anu dianalisis nyaéta data tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*).

Nganalisis hasil data awal jeung data ahir diantarana;

1. Mariksa kamampuh hasil awal siswa (*pretest*) jeung hasil ahir siswa (*posttest*)
2. Méré peunteun dina hasil awal siswa (*pretest*) jeung hasil ahir siswa (*posttest*) anu mibanda rumus.

Cara Meunteun

$$P = \frac{\sum \text{Peunteun Siswa}}{\sum \text{Peunteun Maksimal}} \times 100$$

Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM) pangajaran basa Sunda kelas X-1 MA Al-Maa'uun, nya éta 75. Katitén, katégori pangajaran ngaregepkeun dumasar KKM kayaning ieu di handap.

Tabél 3.5
Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM)

Peunteun	Katégori
≥ 75	Mampuh, siswa dianggap mampu dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.
≤ 75	can mampuh, siswa dianggap can mampuh dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

3. Nganalisis data peunteun *pre-test* jeung *post-test* kayaning tabel di handap.

Tabél 3.6
Format Peunteun *Pretest*

No	Aspék						Σ	Peuteun	Katerangan
	1	2	3	4	5	6			
χ									
%									
Σ									

Tabél 3.7
Format Peuteun *Posttest*

No	Aspék						Σ	Peuteun	Keterangan
	1	2	3	4	5	6			
χ									
%									
Σ									

Keterangan:

1 : Téma

2 : Palaku

3 : Watek

4 : Galur

5 : Latar

6 : Amanat

Σ : Jumlah

% : *Persentase*

χ : Rata-rata

3.7 Uji Sipat Data

Uji normalitas data sarta uji hipotésis téh kaasup kana uji sipat data. Dumasar kana uji sipat data, cara sangkan panalungtik gampang dina ngukur jeung nganalisis téh bisa dilaksanakeun maké aplikasi SPSS versi 29.

3.7.1 Uji Normalitas

Anu bisa ngukur data normal atawa henteu normal dina uji normalitas nyoko kana pamadegan Nasrum (2018) uji normalitas data bisa dilakukeun ku rupa-rupa metode, salasihijna nya éta *Shapiro-wilk* ku cara ngagunakeun SPSS. SPSS nya éta aplikasi anu sok dipaké pikeun ngukur analisis data sacara statistik. Uji normalitas data ieu panalungtikan maké SPSS versi 29. Hipotésis normalisasi dijéntrékeun kayaning ieu di handap.

H_0 = data mibanda distribusi anu normal

H_1 = data mibanda distribusi henteu normal

Anapon dasar nyindekkeun hasil data uji normalitas dijéntrékeun kayaning ieu di handap.

H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, upama niléy $\text{Sig.} \geq 0,05$

H_0 ditolak jeung H_1 ditarima, upama niléy $\text{Sig.} \leq 0,05$

3.8 Uji Hipotésis

Dina ngalaksanakeun uji hipotésis téh maké aplikasi SPSS versi 29. Aya dua cara anu bisa digunakeun dina hipotésis, nya éta kahiji maké *Statistic Parametric* kalayan maké *T-Test*. Dina maké *Statistic Parametric* téh hartina yén uji normalitas téh nuduhkeun distribusi anu normal. Dina uji data ogé henteu sakabéh normal, aya ogé data anu panalungtikanna téh henteu normal. Ku kituna, aplikasi SPSS hususna versi 29 aya cara pikeun uji data anu teu normal. Uji datana maké *Statistic non parametric Wilcoxon*. Sanggeus ngalaksanakeun uji hipotésis kalawan cara anu bener, bakal ngahasilkeun kacindekkan yén naha ditarima atawa henteu hasil tina uji hipotésis. Di handap, dijéntrékeun kumaha kritéria dina nangtukeun uji hipotésis.

1. H_0 (Hipotésis nol)

Teu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus maké modél *scramble* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajaran 2023/2024.

2. H_1 (Hipotésis altérnatif)

Aya bédana anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus maké modél *scramble* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajaran 2023/2024.